


# **Elvaj Lapen An Haïti**



**Pa Wally Turnbull  
Fermathe, Haïti - 1977**

## ***Elvaj Lapen***


Ak konnesans, elvaj lapen se yon travay ki enteresan anpil,e ki bay anpil avantay ekonomik.

Nan elvaj lapen, genyen twa (3) bagay ki pi enpotan:

- 1) Ras lapen an.
- 2) Nan ki kondiayon lapen an rete.
- 3) Swen ke lapen an resevwa,

An Haïti, nou te genyen yon sèl ras lapen. Nou te rele ras lapen sa a, lapen peyi. Lapen sa yo, se kwazman divès kalite lapen ke moun te pote an Haïti depi lontan. Lapen sa yo peple san yo pa jwenn lòt ras lapen pi siperyè ki pou ta fè yo vini pi gro ou byen pi rezistan. Kounyeya genyen kèk lòt lapen, swa dizon lapen etranje ki fèt an Haïti. Yo genyen kèk avantaj sou lapen peyi a. Lapen etranje sa yo, koulè yo tou blan nèt e ki twa (3)fwa pi gro ke lapen peyi a, soti nan yon ras lapen ki rele: ***Nouvèl Zeland***. Avantay lapen sa yo sou lapen peyi a, se ke yo grandi pi vit, yo pi gro e yo bay plis rannman. Nou jwenn pafwa ras lapen Nouvèl Zeland sa a pa tèlman rezistan ak maladi ke lapen peyi yo. Lè de (2) ras lapen sa yo kwaze yo bay yon espès de lapen “***Hibrid***” ki fèt. Lapen sa yo gro menm jan tankou lapen etranje a e yo kapab reziste ak maladi tankou lapen peyi. Kounyeya tout moun ki interese fè elvaj lapen, mwen ankouraye nou eseye fè kwazman sa a.

Yon mal lapen Nouvèl Zeland ak yon femel peyi.



Fok nou di ou tou, ke genyen lòt ras lapen a pa de Nouvèl Zeland. Nou pa, pale de yo isit paske poko genyen yo an Haïti.

Tankou ak nenpòt kalite bét, kondisyon pou fè elvaj lapen enpòtan anpil. Si kalòj kote ou mete lapen an nan movèz eta, sante lapen an pap bon. Kalite

kalòj ki pi bon se kalòj ki fèt nèt ak til. Kalòj sa yo kapab kouvri ak tòl, ou byen ou kapab mete yo anba yon tonnel. Si ou pa genyen kalòj ki fèt ak til, ou kapab sèvi ak kalòj ki fèt ak bwa, e ki kouvri ak tòl men li nesesè pou fon kalòj la fèt ak til. Dimansyon til pou fè fon kalòj la, se demi  $\frac{1}{2}$  pouz pa demi  $\frac{1}{2}$  pouz, ou byen demi  $\frac{1}{2}$  pouz pa yon pouz. Til la dwe fèt ak fil ki epè. Fil nimero 14 fè pi bon til. Si ou pa jwen fil nimero 14, ou kapab sèvi ak til ki pi piti ke sa. Plis nimiro fil la pi piti, til la pi fò.


Li nesesè pou kalòj lapen an rete pròp tou tan. Ou kapab konstate ke lapen renmen watè nan you sèl kwen nan kalòj li. Se you bèt ki pròp anpil nan nati'l. Sa vle di, li pa watè toupatou nan kalòj li paske li pa renmen viv nan salte. Ou menm kom gadyen lapen, pa blyie kalòj lapen an dwe netwaye chak jou pou lapen an kapab viv nan pròpte. Si kalòj la sal, plen dlo, lapen an kapab pran maladi e li kapab mouri tou. Jenn lapen yo sitou pa renmen salte. Se pou tèt sa nou di ou ke kalòj la dwe fèt ak til. Til la pemèt irin lapen an e poupou li kapab jwenn kote pou yo tonbe a tè. Si fon kalòj la fèt ak planch ou byen, kalòj la a tè, li va toujou sal.

Non sèlman kote lapen an rete a toujou pròp, li bezwen rete yon kote ki fè fre tou tan. Lapen pa renmen chalè. Si yon moun ap gade lapen nan yon kote ki fè cho, li bon pou li mete kalòj la anba lonbray. Paske chalè ki pa touye lòt bèt kapab touye lapen.

Lapen pa renmen pou kò yo mouye. Si yon lapen mouye, li kayab gripe ou byen li kapab mouri tou. Si kalòj lapen an bare nèt ak til, li nesesè pou kouvri li ak tòl ou byen mete li anba yon tonnèl ki pap koule.

Lapen pa renmen salte, yo pa renmen chalè e yo pa renmen mouye. Ou pa bezwen kite sa dekourage ou. Si ou kapab bay lapen an yon kalòj ki pròp, ki pap pran lapli e ki pa yon kote ki gen anpil chalè, ou pap gen gran problèm ak elvaj lapen.

Jenn ti lapen ak manman yo nan kaloj.



Lapen se yon bêt ki bay anpil avantaj ekonomik. Nan yon ane, yon lapen kapab fè kat pòte de 8 ptit nan chak pòte. Pafwa yo fè mwens ke 8, e pafwa yo fè plis ke 8. Si yon lapen peze kat liv edmi vivan, li va bay twa liv viann. Donk ak kalkil sa a, nou jwenn ke chak pote lapen dwe bay 28 liv viann. Kat pòte pou yon ane bay pliske 100 liv viann. Tout avantaj sa yo

Soti nan yon sèl ti manman lapen, ki peze ape prè 8 liv. Donk nou wè nan yon ane, yon manman lapen bay douz fwa tèt li nan viann. Pa gen yon lòt bêt ki kapab bay yon bon randman konsa.

Kisa lapen manje plis? se zèb. Nou kapab bay yo yon ti son de ble ou byen pitimi tou, pou fè yo grandi pi vit, men se zèb ke li manje pi fò. Zèb se bagay tout moun genyen arebò jaden yo, e se pa yon bagay ou bezwen achte. Ak avantaj ke nou pa achte anpil manje bay lapen nou, li pa manje anpil, e ke li bay anpil viann pa mwayen ptit li yo; nou vin wè ke randman lapen bon anpil.

Si ou kalkile ke yon manman lapen kapab koute 15 goud. e ke li bay 100 liv viann nan yon ane ak yon valè de 2g.5O chak liv, nou wè ke nan yon ane li bay 250 goud viann. Plis manje ke ou kapab achte, pou fè 250 goud sa a, se pou 75 goud.. Si ou achte 75 goud manje pou chak manman ak ptit li yo pou yon ane, e yo ba ou viann yon 250 goud., ou realize yon benefis de 175 goud. nan chak manman lapen chak ane.


Viann lapen pa sèlman gen valè ekonomik, li genyen valè nitrisyon tou. Viann lapen gen plis proteyn pase viann tout lòt bêt. Li genyen menm proteyn ke viann pwason. Zo lapen piti anpil. Sa vle di ke ou kayab manje preske tout kò li. Se yon viann ki fen nèt, ki pa santi fò e ki genyen bon gou anpil. Tout moun ki goute viann lapen renmen li. Viann lapen preske tankou viann poul, e li kapab pi bon menm.

## Swen Lapen

Swen lapen pa pran anpil tan. Kòm yo pa manje anpil, sa pa pran trop tan pou chache manje ba yo. Yo renmen bon ti zèb fen. Yo manje gazon, zèb Guatemala, zèb gin, fèy kann, fèy patat, fèy pwa nouris e plizyè lòt bon zèb. Gengnen kèk zèb ki pa bon pou lòt bét, donk si yo pa bon pou yo, pa bay lapen zèb sa yo non plis. Pa egzanp, raje "**Malomen**" se yon pwazon pou tout bét. Si ou bay lapen manje "malomen" pamì lòt zèb, li va mouri.

Lapen dwe manje de fwa pa jou, le maten e le swa. Le maten, ba yo yon bon ti kantite zèb. Tout tan lapen an pi gro, ou byen yon kalòj gengnen plis lapen, ou bezwen mete plis zèb. Si ou mete zèb le maten ba yo, e ou wè ke rete rès le swa, ou bezwen konnen ke ou bay trop. Si ou mète zèb ba yo le maten e ou wè yo gentan fin manje li a midi, ou bezwen konnen ke ou mete trop piti. Mete kantite zèb yon lapen ki nan kalòj la kapab fin manje vè katrè aprè midi. Le swa, ba yo menm kantite zèb ankò ak enpe son de ble ou pitimi ki melanje ak mayi. Pou fè melanj nouriti sa a pou lapen, mete twa ka mamit son de ble ou pitimi ak yon ka mamit mayi, e yon ti priz sèl. Brase tout ansanm e bay lapen an manje li. Chak jou yon lapen ta dwe manje yon tas nan manje sa a. Yon ti lapen ta dwe manje yon ka tas ou yon demi tas, selon grosè li. Mete manje a nan yon ti bòl, ou byen nan yon ti gode ki kloure sou yon moso planch pou lapen an pa kapab chavire'l.

De kalite manjwa.



Si tout bét bezwen dlo, lapen bezwen bwè dlo tou. Trè souvan, moun fè elvaj lapen san ke yo pa bayo dlo. Yo wè ke lapen an viv san dlo e li pa mouri. Men sa yo pa konnen se ke si lapen an ta genyen dlo pou li bwè, li ta va grandi pi byen, li ta va fè plis ptit e ptit yo ta va, grandi pi vit. Yon lapen dwè genyen dlo devan li tout tan. Si ou mete dlo a devan li, e li bwè li vit, ou bezwèn chache yon vèso ki pi gro pou kapab mete dlo a pou li.

Konsa li va genyen'l devan li tout tan. Nenpòt lè yon lapen swaf, li dwè jwenn dlo pou li bwè. Yon kote ki fè cho, manman lapen an ak 8 ptit li yo kapab bwè kat lit dlo nan yon jounen. Yon kote ki fè frèt, yon manman lapen ak 8 ptit kapab bwè sèlman de lit dlo nan yon jounen. Li nesesè pou yo genyen dlo ki trop devan yo tout tan.

## Kwazman

Kwazman lapen pi fasil pase kwazman tout lòt bêt si ou konnen ki jan pou fè li. Pi fò bêt sou la tè kapab kwaze sè1man lè yo genyen periòd. chalè yo. Lapen pa janm gen periòd. chalè. Yo kapab kwaze tout tan. Se lè kwazman fèt ke chalè a vini sou lapen an e se lè sa a li plenn. Genyen de ou twa bagay ou dwe konnen yo kwaze lapen. Femèl lapen kapab kwaze a 6 mwa de laj. Mal lapen kapab kwaze a 7 mwa de laj. Lapen fè ptit sou 30 jou. pafwa, yo konn pran 28 jou ou byen jiska 33 jou. Men le pli souvan, ptit yo fèt sou 30 Jou. Se fasil pou kalkile lè ti lapen yo pral fèt. Si ou kwaze yon lapen sou 10 mwa a, ou konnen ke ptit li kapab fèt pou le 10 mwa prochen.

Li nesesè ke chak manman lapen genyen yon kalòj pou kont li. Si plizyè femèl ansanm, youn kapab monte sou lòt e fè yo genyen yon fòs chalè. Si yon lapen genyen yon fòs chalè li sanble ak yon lapen ki plenn, men li pa plenn vrèman. Pafwa li konn rache plim e li konn fè tete tankou yon lapen ki pral fè ptit, men li pa plenn di tou. Se pou tèt sa ke manman lapen an dwe nan yon kalòj you kont 1i. Konsa, lòt lapen pa kapab moute sou li pou bali fòs chalè.

Lè ou bezwen kwaze yon femèl lapen, pran li e mete li kote mal lapen an ye. Pa janm pran mal la pou pote'l mete kote femèl la ye. Mal lapen an pi alèz nan kalòj pa'l. Li pi abitye kote li ye, donk, li pi okipe femèl la, ke si li ta nan you lòt kalòj kote li pa abitye.

Lè ou pran yon lapen pou mete li nan yon lòt kalòj, pa egzanp, lè wap kwaze yon femèl lapen, kinbe zòrèy li ak po dèyè kou li ansanm pou leve li. Pa janm leve yon lapen nan zòrèy li. Si ou leve yon lapen nan zòrèy li sèlman ou kapab deranje lapen an e fè li malad. Si lapen an lou anpil kinbe zòrèy lapen an ak po dèyè kou li pou ou leve'l e soutni dèyè lapen an ak lòt men ou. Ou bezwen pote femèl lapen an konsa e mete'l nan kalòj kote mal la ye. Ou va wè ke tou suit, mal lapen an kouri dèyè femèl la, e li moute sou li. Aprè yon ti moman, femèl lapen an va leve dèyè li e yo va kwaze. Kwazman fèt trè vit. Kwazman fini lè ou wè mal lapen an tonbe sou dèyè li e li esoufle anlè.


Li pa nesesè pou kite yon femèl lapen pase plizie jou ak yon mal. wete'l la menm aprè yon sèl kwazman e retounen li nan kalòj li. Se yon travay ki trè fasil.

Si ou wè ke femèl la kouri anpil nan kalòj mal la, e ke li kouche vant a tè li pa vle ke mal la moute sou li, ou kapab konnen ke femèl la pòko bon pou kwaze. Byen ke sa pa rive souvan, sa konn rive. Si lapen an jenn anpil li kapab pa vle ke mal la kwaze ak li. Tann 10 ou byen 15 jou, e eseye lapen

an ankò. Si ou fè plizyè esè e li pa vle ke mal la kwaze ak li, e si ou konnen ke femèl la. pa plenn ou kapab ede kwazman fèt. Kinbe zorèy femèl lapen

an ak dèyè kou li ak yon men pou Li pa kapab kouri. Pran lòt men an e pase li. anba vant femèl la. Ak de dwèt ou leve ke lapen an pou mal la kapab moute sou li. Trè souvan, lè ou kinbe yon femèl konsa e mal la moute sou li, kwazman kapab fèt e lapen an plenn. Lè kwazman fin fèt, remete femèl la nan kalòj li.

Aprè twa semenn bay femèl lapen an yon bwat. Mete yon ti pay ladann, e manman lapen an va fè nich li nan bwat la. Li gen pou li rache plim li de ou twa jou avan ke pitit yo fèt. Li va okipe nich li byen pròp. Lè pitit yo fèt, manman lapen an va pase anpil tan nan nich la pou li bay ti lapen yon tete.



Yon manman lapen nan nish li.

Lè ti lapen yo genyen yon mwa, yo va soti nan nich la pou komanse manje. Lè sa a ou kapab retire nich la nan kalòj la,. Netwaye nich la pròp. Sevi ak li pou yon lòt manman lapen, ou byen, mete li la pou lè ou bezwen li ankò. Se pou toujou netwaye nich yo byen lè ou retire yo nan kalòj.

Lè ti lapen yo genyen de mwa, e lè ou vlè kwaze manman an ankò, pran li e mete li ak mal la. Yo va kwaze trè vit. Aprè sa, remete manman lapen an ak pitit li yo ankò. Kite yo fè twa semenn ansanm toujou. Lè sa a ti lapen yo va genyen 11 semenn de laj. Sou 11 semenn ou bezwen sevre yo e bay manman an nich pou li kapab fè lòt pitit kap vini yo. Konsa, ou wè ke manman lapen an ap travay tout tan. Menm lè ti lapen yo ap tete, li plènn pou yon lòt pote. Si ou pa sonje sevre jenn lapen yo, e manman an gen tan fè ti lapen bebe yo, jenn lapen yo kapab touye yo.

Donk se pou toujou kwaze manman an lè jenn lapen yo ki ak li genyen 8 semenn e sevre jenn lapen yo lè yo genyen 11 semenn paske apre you semenn ankò manman va fè yon lòt pòte. Si ou tann lè jenn lapen yo sevre pou kwaze manman an ankò se yon rekòlt ou gentan pèdi. Poutèt sa, li nesesè pou sonje ki dat pitit yo fèt e ki dat yo bezwen sevre. Si ou genyen plizyè lapen, ou kapab pa sonje tout sa nan tèt ou, donk ou bezwen ekri dat sa yo nan yon kaye pou sonje yo.

Lè jenn lapen yo sevre a laj de 11 semenn, yo dwe bon pou manje. Si ou wè ke yo poko fin bon nèt, ou kapab mete yo nan yon kalòj pou kont yo pou 15 jou ankò. Le pli souvan, ti lapen ki sevre sou 11 semenn déjà grosè pou manje yo. Kwake yo pa gen menm grosè tankou manman yo ak papa yo, se lè sa a ou kapab manje yo, paske viann lan poko rèd.

Si ou bezwen agrandi elvaj lapen ou, lè ou sevre jenn lapen yo ou va gade yo pou kwazman. Ou pap bezwen gade tout paske se femèl yo ou pi bezwen. Pou chak 10 femèl, ou bezwen sèlman yon mal. Konsa ou kapab gade femèl ki pi byen vini ak you mal nan pote a si ou bezwen yo pou elvaj. Pa janm gade ti lapen ki rachitik pou fè pitit, Si yo se move ras yo va toujou pi move ras. Se pou toujou chwazi pi bèl lapen, sa ki pi gro, pou fè pitit.

## **Maladi Lapen**

Kwake genyen plizyè maladi ke lapen kapab atrape, genyen sèlman de ke yo kapab atrape pi souvan. Lapen konn gen dyare, e yo konn gripe. Sa ki pèmèt ke lapen an gen dyare se lè kalòj la pa prop. Sa ki fè ke lapen gripe se lè yo mouye.

Lè yon lapen nan yon kalòj ki sal, li watè sou zèb e li manje zèb la ak watè a sou li. Lapen an manje yon ti bèt ke yo rele "**Coccidiose**" e ti mikròb sa a vin anvayi trip lapen an. Ou dwe toujou gade kalòj la pròp. Ou bezwen bay lapen an ti remèd tou pou detwi tout "Coccidiose" ki ta andedan trip li rele Sulmèt. Remèd sa a konn an poud. Ou byen an likid. Magazen ki vann semans e medikaman pou bèt vann Sulmèt. Si se poud la ou genyen, ou dwe mete yon ti. kiyè poud Sulmèt nan chak lit dlo. Brase li byen e bay tout lapen yo bwè li pandan twa jou. Ou bezwen fè ke yo pa, gen diare a. Ninpòt lè ou wè yon lapen gen dyare, ba li bwè Sulmèt nan dlo li. Si ou pa, sèvi ak poud Sulmèt e ou sèvi ak likid Sulmèt, mete yon ti kiyè likid Sulmèt nan chak lit dlo, e bay lapen yo bwè li.

Si ou wè lapen yo ap mouri e yo pa gen dyare, Si ou wè lapen yo ou byen ap touse ou ke li gen yon ti rim kap kouri nan nen li, ba li bwè **Aureomycin**. Magazen ki vann prodwi pou bèt vann Aureomycin. Mete yon ti kiyè poud Aureomycin nan chak lit dlo, brase li byen, e bay tout lapen ki malad. bwè li pandan 3 ou 4 jou lè yo malad.

Ak de medikaman sa yo, se pa fasil pou pèdi lapen ou. Si ou suiv medikasyon sa yo e ou toujou pèdi lapen, ou bezwen mande you moun ki gen plis eksperians, pa egzanz you ajan Veterinè, ou byen you lòt moun ki fè elvaj lapen, ki sa pou fè. Eksplike li ki jan lapen yo ye, ki maladi yo genyen, ki jan li vini sou yo. Konsa li va kapab ba ou yon ide ki sa ou ta dwe fè.



Yon kay pou plizie lapen.

## **Konklizyon**

Nou wè ke si elvaj lapen fèt nan bon kondisyon e ke si ou geyen bon ras lapen ki manje byen e si ou bay yo remèd lè yo bezwen li ou dwe genyen

anpil lapen, pou très peu de temps. Si ou poco connaît fè elvaj lapen, tankou tout bagay, mwen conseille ou kommanse toujou ak 2 ou 3 femèl e yon mal. Tout tan ou peu abitye ak elvaj lapen ou kapab agrandi jiskaske ou gen anpil lapen ki va ba ou anpil rannman.